

G I D

FAMILYAL

G I D

# FAMILYAL

Pibliye pa  
Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo  
Salt Lake City, Utah

© 1992, 1999, 2001, 2006 by Intellectual Reserve, Inc.

Tout dwa rezève

Emprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon Anglè: 2/06

Apwobasyon tradiksyon: 2/06

Tradiksyon *Family Guidebook*

Haitian Creole

# Kontni

---

“Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan”	iv
Òganizasyon ak bi fanmi	1
Ansèyman levanjil la nan fwaye a	4
Ranpli responsablite familyal yo	12
Fòmasyon pou dirijan	15
Fè sèvis adorasyon yo lakay (pou fanmi nan zòn izole yo)	16
Òdonans ak benediksyon Prètriz yo	18
Jwenn materyèl Legliz yo ak chèche enfòmasyon sou Istwa Familyal	26

---

# “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan”

---

An 1995, Premye Prezidans lan ak Kowòm Douz Apot yo te pibliye “Fanmi: Yon pwoklamasyon pou mond lan.” Pwoklamasyon sa a se yon deklarasyon ak yon reyafimasyon sou doktrin ak pratik pwofèt yo te toujou deklare san rete atravè tout istwa legliz la. Li gen prensip ki esansyèl pou bonè ak byennèt tout fanmi. Manm fanmi yo dwe etidye pwoklamasyon an epi viv dapre presèp li yo.

---

“Nou menm, Premye Prezidans lan ak Konsèy Douz Apot yo nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, nou pwoklame solanèlman, maryaj ant yon gason ak yon fi se yon bagay Bondye òdone epi fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a pou destine etènèl pitit Li yo.

“Tout kretyen vivan—gason ak fi—te kreye dapre imaj Bondye. Yo chak se yon pitit lespri gason oubyen fi ki soti nan paran selès, epi konsa, yo chak gen yon nati ak yon destine diven. Maskilen ak feminen se yon karakteristik esansyèl pou moun ki premòtèl, ki mòtèl, epi se yon idantite ak yon objektif etènèl.

“Nan egzistans premòtèl la, pitit gason ak pitit fi lespri yo te konnen Bondye epi yo te adore L kòm Papa Etènèl yo epi yo te aksepte plan L lan kote pitit li yo te kabab vin gen yon kò fizik pou yo fè eksperyans terès epi pou yo pwogrese nan direksyon pèfeksyon epi pou yo vin rive alafen nan destine diven yo kòm eritye lavi etènèl. Plan bonè diven an pèmèt relasyon famiyal yo kontinye jis apre lamò. Òdonans ak alyans sakre yo

rann li posib pou chak moun retounen nan prezans Bondye epi pou fanmi yo ini pou letènite.

“Premye kòmandman Bondye te bay Adan ak Èv la te mansyone potansyèl yo kòm paran antanke mari ak madanm. Nou deklare kòmandman Bondye te bay pitit Li yo pou yo multipliyè epi pou yo ranpli latè a toujou valab. Nou deklare pi lwen ke Bondye kòmande pou pouvwa sakre pwokreyasyon yo sèvi sèlman ant gason ak fi ki marye legalman.

“Nou deklare mwayen pou kreye lavi mòtèl sou latè a se yon bagay Bondye tabli. Nou deklare lavi a sakre epi li enpòtan nan plan etènèl Bondye a.

“Mari ak madanm gen yon responsablite solanèl pou youn renmen ak pran swen lòt epi pou yo renmen ak pran swen pitit yo. Pitit se eritaj Senyè (Sòm 127:3). Paran yo gen yon devwa sakre pou yo elve pitit yo nan lanmou ak jistis, pou satisfè bezwen fizik ak espirityèl yo, pou anseye yo pou yo sèvi epi pou youn renmen lòt, pou yo respekte kòmandman Bondye yo epi pou yo tounen sitwayen ki obeyi lwa kèlkeswa kote yo abite. Mari ak

madanm—manman ak papa—pral gen responsablite devan Bondye pou akonplisman obligasyon sa yo.

“Se Bondye ki òdone fanmi. Maryaj ant gason ak fi se yon bagay endispansab pou plan etènèl Li a. Se dwa timoun pou yo pran nesans nan relasyon maryaj, epi pou yon papa ak yon manman ki onore alyans maryaj avèk fidelite total elve yo. Bonè nan lavi familyal kapab akonpli pi souvan lè l fonde sou ansèyman Lesenyè Jezikri. Maryaj ak fanmi ki gen siksè yo tabli epi yo chita sou prensip lafwa, priyè, repantans, padon, respè, lanmou, konpasyon, travay, ak aktivite rekreatif ki pwòp. Dapre plan diven an, papa yo dwe dirije fanmi yo avèk lanmou ak jistis epi yo responsab pou yo bay fanmi you tout sa yo bezwen nan lavi a ak pwoteksyon. Manman yo responsab prensipalman

pou nourri pitit yo. Nan responsablite sakre sa yo, manman ak papa gen obligasyon pou youn ede lòt kòm asosye egal. Enfimite, lamò, oubyen lòt sikonstans kapab egzije adaptasyon endividyèl. Lòt kòd fanmi yo ta dwe bay sipò yo lè l nesèsè.

“Nou avèti moun ki vyole alyans chaste, ki maltrete konjwen yo oubyen pitit yo, oubyen ki pa akonpli responsablite familyal yo pral rann kont devan Bondye yon jou. Anplis, nou avèti, dezentegrasyon fanmi an ap pote kalamite pwofèt ansyen ak modèn yo te predi yo sou endividi yo, kominote yo, ak nasyon yo.

“Nou mande sitwayen ak responsab gouvènman kote yo ye, pou yo sipòte lwa sa yo ki te tabli pou kenbe epi pou ranfòse fanmi kòm inite fondamantal sosyete a. (*Ensign*, Nov. 1995, 102).



# Òganizasyon ak bi fanmi

---



## Òganizasyon

Fanmi sakre nan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo epi li se inite sosyal ki pi enpòtan nan letan ak letènite. Bondye etabli fanmi pou pote bonè bay pitit li yo, pou pèmèt yo aprann prensip kòrèk nan yon atmosfè eman, epi pou prepare yo pou lavi etènèl.



Fwaye a se pi bon kote pou anseye, aprann, ak aplike prensip levanjil yo. Se kote moun yo aprann founi manje, rad, refij, ak lòt nesosite yo bezwen yo. Papa a ak manman an, antanke patnè egal ego, dwe ede chak manm fanmi an pou yo:

- Chèche laverite epi devlope lafwa nan Bondye.
- Repanti pou peche yo, batize pou remisyon peche yo, vin yon manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo, epi resevwa Sentespri a.
- Obeyi kòmandman Bondye yo, etidye ekriti yo avèk dilijans, fè priyè pèsonèl chak jou, epi sèvi lòt moun.
- Pataje levanjil la avèk lòt moun.



- Resevwa dotasyon epi marye nan tanp avèk yon konpayon diy pou letènite, kreye yon fwaye ki gen bonè pou fanmi an, epi pote sipò bay fanmi an pa lanmou ak sakrifis.



- Chèche enfòmasyon sou zansèt ki mouri yo epi akonpli òdonans tanp yo pou yo.



- Bay nouriti nesèsè pou sante espirityèl, sosyal, fizik, ak emosyonèl.

Papa a prezide sou fanmi an epi li responsab pou anseye timoun yo ak pou bay sa ki nesèsè pou lavi fanmi an. Yon papa diy ak elijib nan legliz la gen opòtinite pou detni Prèttriz la, ki se pouvwa ak otorite pou aji nan non Bondye. Avèk pouvwa ak otorite sa a, papa a vin tounen dirijan Prèttriz

fanmi li. Li dirije fanmi li nan preparasyon yo pou retounen nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Madanm ni se konpayon, patnè, ak konseye ki pi enpòtan l genyen. Mari ak madanm dwe kole tèt yo ansanm nan tout sa ki konsène fanmi an ak fwaye a.

Papa a dwe satisfè bezwen espirityèl fanmi li. Li dwe asire ke yo resevwa ansèyman levanjil Jezikri a epi fè tout sa l kapab pou ankouraje yo ak ede yo obeyi kòmandman Seynè a bay yo.

Yon papa ki detni Prèttriz la kapab beni manm fanmi li epi satisfè bezwen espirityèl yo. Pa otorite apwopriye a nan Prèttriz la epi *avèk otorizasyon dirijan Prèttriz li*, papa a kapab:

1. Bay non epi beni timoun.
2. Batize pitit li (ak lòt).
3. Konfime pitit li (ak lòt) manm Legliz la epi konfere yo Sentespri a.
4. Konfere pitit gason li (ak lòt) Prèttriz la epi òdone yo nan ofis nan Prèttriz la.
5. Beni ak distribye Sentsèn.
6. Dedikase tonm.

*San otorizasyon dirijan Prèttriz li*, yon papa ki gen prèttriz Mèlkisedèk kapab konsakre lwil epi beni manm fanmi li ak lòt moun lè yo malad epi ba yo benediksyon espesyal nan lòt okazyon lè gen bezwen. (Gade paj 18–25 nan gid sa a pou enstriksyon sou kijan pou akonpli òdonans ak benediksyon Prèttriz yo.)

Papa a dwe asire ke fanmi li aktivman angaje nan twa responsablite debaz:

1. Preparasyon pèsonèl, espiritiyèl ak tanporèl famiyal.
2. Pataje levanjil la.
3. Istwa famiyal ak òdonans tanp pou vivan yo ak mò yo.

Manman an se yon patnè egal ak konseye pou mari li. Li ede l anseye pitit yo lwa Bondye yo. Si pa gen papa nan fwaye a, manman an prezide sou fanmi an.

Papa ak manman an dwe gen menm bi. Objektif yo dwe pou prepare tout manm fanmi an pou retounen al jwenn Papa nou ki nan Syèl la. Yo dwe ini pandan y ap travay nan direksyon objektif sa a. Senyè a tabli Legliz la pou ede papa yo ak manman yo anseye fanmi yo ak pran swen yo.

Lè pitit fèt nan fanmi an, paran yo dwe renmen yo, anseye yo verite levanjil yo, epi rete egzanp lavi dwat pou yo. Timoun yo dwe aprann kòmandman Bondye yo epi respekte yo. Yo dwe onore ak obeyi paran yo.

Fòs legliz la chita sou fanmi yo ak moun k ap viv levanjil Jezikri yo. Nivo kote yon fanmi jwi benediksyon levanjil yo depann anpil sou fason

papa a ak manman an byen konprann epi akonpli devwa debaz yo antanke paran. Se pa janm entansyon legliz la pou bay papa yo ak manman yo pwogram oubyen responsablite k ap depase yo oubyen dekouraje yo oubyen lakòz yo neglije devwa ki pi enpòtan sa yo.

## Bi

Paske Papa nou ki nan Syèl la renmen nou, Li vle nou vin egzalte menmjan avèk li. Pou ede nou, Li banou yon plan pou n suiv ki baze sou lwa divin verite yo. Moun ki aprann plan an epi ki suiv li fidèlman kapab vin tankou Papa nou ki nan Syèl la yon jou epi jwi kalite lavi L ap viv.

Yon pati nan plan an sete pou kite syèl la epi vini sou tè a. Isit la nou vin akeri yon kò fizik, aprann atravè eksperyans, epi montre nou diy pou viv ankò nan prezans Bondye. Nou montre nou diy nan chwazi an tout libète pou n respekte lwa l yo. (Gade Abraam 3:23–25; 2 Nefi 2:27.)

Pou ede nou prepare nou pou n viv avèk li, Papa nou ki nan Syèl la òganize nou an fanmi. Pa mwayen òdonans ak alyans sakre yo, fanmi yo kapab ini etènèlman.

# Asèyman levanjil la nan fwaye a

---



## **Anseye timoun yo avèk jantiyès ak lanmou**

Senyè a te kòmande paran yo pou yo anseye pitit yo levanjil la. Li te di:

“Epi ankò, toutotan paran yo gen pitit nan Siyon, oubyen nan nenpòt lòt pye ki òganize nan Siyon, ki pa anseye yo pou yo konprann doktrin repantans la, lafwa nan Kris la, Pitit Gason Bondye vivan an, ak batèm, ak don Sentespri a pa enpozisyon men lè yo gen uitan, san sa, peche a ap sou tèt paran yo.

“Paske, se ap yon lalwa pou abitan Siyon yo, oubyen nan nenpòt lòt pye Siyon ki òganize.

“Epi pitit yo ap batize pou padon peche yo lè yo gen uitan, epi y ap resevwa pa enpozisyon men.

“Epi yo dwe anseye pitit yo priye, pou yo mache dwat devan Senyè a.” (D&A 68:25–28).

Paran yo dwe anseye avèk jantiyès ak lanmou, pandan y ap sonje konsèy Pòl la pou “bayo [timoun yo] levasyon, korije yo, pale avèk yo dapre prensip Senyè a. (Efezyen 6:4).

## **Etid ekriti an fanmi**

Nou kapab vin tankou Papa nou ki nan Syèl la epi jwi kalite lavi L ap viv la sèlman si nou respekte lwa yo benediksyon sa a baze sou yo a (gade

D&A 130:20–21). Anvan nou kapab viv dapre lwa sa yo, nou dwe konnen kisa yo ye.“ Li enposib pou yon moun sove nan iyorans” (D&A 131:6).

Jezikri se dirijan nou ak lejislasyon nou. Li konn chemen an ak lwa nou dwe respekte yo, epi li envite nou chak pou n suiv li. Li di: “Se mwenm menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a. Se mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.” (Jan 14:6). Pou vin tankou Papa nou ki nan Syèl la epi retounen kote li, nou dwe aprann ansèyman Jezikri yo epi suiv yo. Nou gen ekriti yo pou ede nou aprann sou lavi, ansèyman, ak kòmandman Jezikri yo.

Kat liv Legliz la aksepte kòm ekriti yo se Bib la, Liv Mòmòn an, Doktrin ak Alyans yo, ak Pèl Gran Pri a. Yo eksplike lwa levanjil yo ak prensip ki ka sèvi pou nou mezire tout panse, aksyon, ak ansèyman yo. Yo ede nou aprann sou lavi ak ansèyman Jezikri yo epi yo bay egzanp moun ki te gen lafwa nan Bondye epi ki te respekte kòmandman l yo.

Jezi te anseye nou pou nou sonde ak etidye ekriti yo (gade Jan 5:39; 3 Nefi 23:1; D&A 88:118).



Fanmi yo dwe etidye ekriti yo ansanm regilyèman pou yo aprann ak suiv ansèyman Senyè a. Paron yo dwe reyini fanmi yo ansanm nan menm lè a chak jou pou ka li ak pale sou ekriti yo. Chak manm fanmi ki kapab li dwe gen opòtinite pou yo li nan ekriti yo.

Yon manm fanmi an ka ofri yon priyè anvan lekti ekriti yo epi mande Papa nou ki nan Syèl la pou beni chak moun pou yo ka konprann sa yo li a epi akeri yon temwayaj sou li. Fanmi yo ka deside priye ansanm apre yo fin li ekriti yo.

Lè fanmi yo li epi medite sou ekriti yo, y ap anvi vin plis tankou Sovè a epi y ap jwenn plis bonè ak lapè nan lavi yo.

## **Priyè pèsònèl ak famiyal**

Nou chak dwe aprann pale avèk Papa nou ki nan Syèl la pa mwayen lapriyè. Li renmen nou epi li vle nou pale avèk li. Li vle nou di l mèsì pou benediksyon nou yo epi mande l èd ak gidans. L ap ede nou lè nou mande. Pifò lapriyè fèt avèk tèt nou bese ak je nou fèmen pandan nou ajenou, chita, oubyen kanpe.

Nou dwe sonje kat prensip enpòtan lè n ap priye:

1. Nou kòmanse priyè nou yo nan adrese nou ak Papa nou ki nan Syèl la: “Papa nou ki nan Syèl la . . .”
2. Nou remèsye Papa nou ki nan Syèl la pou bagay li ba nou yo: “Nou di ou mèsì . . .”

3. Nou mande l sa nou bezwen: “Nou mande ou . . .”

4. Nou fini priyè nou nan non Sovè a: “Nan non Jezikri, amèn.”

Priyè nou yo pa toujou oblije suiv tout kat etap sa yo, men genyen yo nan lespri nou ka ede nou aprann priye. Nou dwe toujou kòmanse epi fini priyè nou yo avèk premye ak dènye etap la men sa nou di nan mitan an depann sou sa nou santi ki enpòtan. Pafwa n ap anvi pase plis tan nan priyè nou ap remèsye Papa nou ki nan Syèl la. Gen lòt lè nou ka anvi pase pifò nan priyè nou yo ap mande èd li.



### **Priyè pèsònèl**

Chak moun dwe priye pèsònèlman omwen chak maten ak chak swa. Paran yo dwe anseye pitit yo fè priyè pèsònèl yo osito ke yo kòmanse pale. Paran yo kapab anseye pitit yo kijan pou yo priye nan ajenou avèk yo epi fè yo repete yon fraz alafwa. Byen vit

timoun yo ap kapab fè pwòp priyè pa yo.

### **Priyè famiyal**



Chak fanmi dwe gen priyè famiyal chak jou. Tout fanmi an ajenou ansanm, epi chèf fanmi an fè priyè a oubyen li mande yon manm fanmi an pou fè li. Chak moun dwe gen tou pa yo pou fè priyè a. Timoun piti yo kapab jwenn tou pa yo pou yo priye avèk èd paran yo. Moman priyè famiyal se yon okazyon ekselan pou anseye timoun yo kijan pou priye ak pou anseye yo prensip tankou lafwa nan Bondye, imilite, ak lanmou.

### **Priyè espesyal**

Paran yo dwe anseye pitit yo ke Bondye toujou pare pou tande priyè yo. Anplis priyè pèsònèl ak priyè famiyal regilye yo, yo kapab priye nenpòt lè yo bezwen èd espesyal oubyen yo anvi eksprime remèsiman yo.

## Beni manje



Paran yo dwe asire yo ke manm fanmi yo aprann remèsye Bondye pou manje yo epi mande l pou l beni li anvan yo manje. Chak moun, enkli timoun piti yo, dwe gen okazyon pou ofri benediksyon an. Fè yon priyè pou beni yon manje ede paran yo avèk timoun yo aprann montre rekonesans yo pou Papa nou ki nan Syèl la.

## Sware Familyal

Sware familyal se pou tout moun, enkli koup ki fèk marye yo, papa ak manman yo avèk pitit yo, paran selibatè avèk pitit yo, paran ki pa gen pitit nan fwaye yo, adilt selibatè nan gwoup sware familyal yo, ak moun k ap viv pou kont yo oubyen avèk kamarad yo. Tout moun, kèlkeswa sitiyasyon yo, ap beni si yo fè sware familyal. Legliz la rezève Lendi swa lib anba tout lòt aktivite pou fanmi yo kapab ansanm pou sware familyal.

Premye Prezidans lan di: “Nou pwo-mèt ou gwo benediksyon si w suiv konsèy Senyè a pou w fè sware familyal regilye a. Nou priye san rete pou paran yo nan legliz la ka aksepte

responsablite yo pou anseye epi rete modèl nan prensip levanjil yo devan pitit yo. Se pou Bondye beni ou pou ou ka dilijan nan responsablite ki pi enpòtan sa a” (“Mesaj apati Premye Prezidans la,” *Liv Sware Familyal* [1983], iv).



Antanke patriyach fanmi li, papa a prezide nan sware familyal la. An absans papa a, manman an prezide. Paran yo dirije oubyen yo chwazi yon manm fanmi an pou dirije sware familyal la. Yo anseye leson an oubyen yo delege ansèyman an bay timoun ki ase gran pou anseye yo. Tout moun ki gen laj pou sa dwe gen opòtinite pou yo patisipe. Timoun ki pi piti yo kapab ede nan bagay tankou dirije mizik, site ekriti yo, reponn kesyon, kenbe imaj, distribye rafrechisman, ak priye.

Men yon modèl pou sware familyal:

- Chan ouvèti (pa fanmi an)
- Priyè ouvèti (pa yon manm fanmi an)
- Powèm oubyen lekti ekriti (pa yon manm fanmi an)
- Leson (pa papa a, manman an, oubyen yon gran timoun)

- Aktivite (dirije pa yon manm fanmi an api avèk patisipasyon tout manm fanmi an)
- Chan kloti (pa fanmi an)
- Priyè kloti (pa yon manm fanmi an)
- Rafrehisman

Yon fanmi kapab fè sware familyal nan anpil lòt fason. Tout aktivite ki rasanble fanmi an ansanm, ki ranfòse lanmou yo youn pou lòt, ki ede yo vin pi pre Papa nou ki nan Syèl la, epi ki ankouraje yo viv nan ladwati kapab yon sware familyal la. Egzanp pou kalite aktivite sa yo enkli lekti ekriti yo, diskisyon sou levanjil la, pataje temwayaj yo, fè yon pwojè sèvis, chante ansanm, ale nan yon piknik, jwe yon jwèt an fanmi, ak al mache ansanm. Tout sware familyal dwe enkli priyè.

Leson sware familyal yo kapab baze sou ekriti yo, pawòl pwofèt dènnye jou yo, patikilyèman diskou konferans jeneral yo; ak eksperyans pèsònèl ak temwayaj. Anpil leson dwe chita sou nesans, lavi, ansèyman, ak Ekspyasyon Sovè a. *Prensip Levanjil yo, Levanjil fondamantal la, Ankre nan lafiwa, Pou fòs jèn yo*, ak revni legliz yo gen atik ak lòt enfòmasyon ladan yo sou anpil sijè ki ka fè pati leson nan sware familyal.

Men kèk sijè diskisyon pou sware familyal ki sijere:

- Plan Sali a
- Lavi ak ansèyman Jezi
- Repantans

- Priyè
- Jèn
- Pawòl Sajès la
- Prensip moralite pou Senyè a
- Siyifikasyon Sentsèn nan
- Dim
- Rekonesans
- Onètete
- Reverans pou Bondye ak respè pou kreyasyon l yo
- Prepare pou batèm, òdinasyon nan Prèttriz, oubyen maryaj
- Prepare pou antre nan tanp
- Lekti ekriti yo
- Sanktifye jou Saba a
- Padone lòt moun
- Akeri epi pataje yon temwayaj
- Pataje levanjil la avèk lòt moun
- Konpile istwa familyal yo
- Konprann epi aksepte lanmò
- Rezoud pwoblèm familyal yo
- Jere finans familyal yo
- Pataje travay yo andedan kay la
- Apresye ak jwi mizik

## **Konje ak okazyon espesyal**

Konje yo ak okazyon espesyal yo, tankou Nwèl; Pak; anivèsè retablisman Prèttriz la; konferans; depa yon manm fanmi an pou al nan misyon; oubyen nesans, batèm, oswa òdinasyon yon

manm fanmi an, kapab tounen okazyon ekselan pou anseye verite levanjil yo.

## Dim ak Ofrann



Senyè a kòmande pèp li a pou viv lwa dim nan epi rete diy pou benediksyon yo pwomèt yo (gade Malachi 3:8–11).

Yon moman ekselan pou paran yo anseye lwa dim ak ofrann nan se lè yo peye dim dim pa yo. Timoun yo ap enfliyanse pa sa yo wè paran yo fè. Timoun ki resevwa lajan dwe peye dim sou li. Chak timoun ka gen twa kalite kès pou lajan: youn pou dim, youn pou misyon, ak youn pou lajan pou depanse. Chak fwa timoun yo resevwa lajan, yo dwe aprann retire 10 pousan pou dim nan dabò, apresya yo mete enpe nan kès pou misyon an, epi balans lan nan fon pou depans lan.

Lè timoun yo ap peye dim, paran yo dwe anseye yo kijan pou yo ranpli yon fich dim, mete l nan yon anvlòp avèk lajan an, epi bay oubyen voye anvlòp la bay yon manm nan episkopa an oubyen prezidans branch lan.

Fanmi k ap viv nan zòn izole yo dwe remèt dim yo bay dirijan Prètriz ki rekòmande yo.

## Diskisyon lè repa yo

Moman repa yo kapab tounen bon okazyon pou pale sou levanjil la. Timoun piti yo renmen poze ak reponn kesyon sou levanjil la. Lè yo pa konn repons yo, papa a oubyen manman an kapab bay yon brèl repons epi anseye levanjil la. Tout moman repa yo pa oblije enkli yon diskisyon sou levanjil la, men kalite diskisyon konsa de oubyen twa fwa pa semèn kapab ede fanmi an aprann levanjil la.

## Istwa anvan dòmi

Paske pifò timoun yo renmen istwa anvan yo dòmi, yo founi yon opòtinite ekselan anseye pou levanjil la nan rakonte oubyen li istwa nan ekriti yo, nan piblikasyon legliz yo, oubyen nan eksperyans pèsònèl. Istwa konsènan onètete, pataj, ak jantiyès anseye prensip enpòtan nan levanjil la.

## Travay ansanm





Anpil opòtinite pou anseye levanjil la parèt lè fanmi yo travay ansanm andedan fwaye a. Pa egzanp, pandan y ap netwaye kay la oubyen travay nan lakou a oubyen jaden an, paran yo dwe chèche opòtinite pou pale sou levanjil la. Yon timoun ap souvan poze kesyon. Paran yo dwe toujou pran tan pou bay repons senp. Kòmantè tankou "Ou se yon bon travayè. Mwen sèten Papa nou ki nan Syèl la fyè de ou" oubyen "Gade bèl nyaj Papa nou ki nan Syèl la kreye" kapab bay timoun yo yon santiman rekonesans pou Papa nou ki nan Syèl la ak asirans ke li reyèl.

## Konsèy familial



Paran yo ka rasanble fanmi yo ansanm pou yon konsèy familial. Fanmi yo kapab itilize konsèy sa yo pou fikse bi familial yo, pou rezoud pwoblèm familial yo, pou pale sou finans, pou fè plan, pou youn fòtifye ak pot sipò bay lòt, pou rann temwayaj, epi pou youn priye pou lòt. Yon konsèy ka fèt kèlkeswa lè sa nesèsè. Paran yo gen dwa fè yon konsèy

familyal chak Dimanch oubyen an koneksyon avèk sware familyal. Respè pou opinyon ak santiman lòt moun esansyèl pou siksè konsèy familyal yo.

## Entèvyou prive



Anpil paran twouve ke entèvyou regilye an prive avèk chak timoun ede yo rete pwòch timoun yo, ankouraje yo, ak anseye yo levanjil la. Entèvyou sa yo gen dwa ofisyèl oubyen pa ofisyèl epi yo gen dwa fèt souvan.

Paran yo dwe di lanmou yo pou timoun nan ak konfyans nan li, epi timoun nan dwe gen opòtinite pou l eksprime santiman li sou nenpòt sijè, pwoblèm oubyen eksperyans. Paran an dwe koute avèk atansyon epi pran pwoblèm ak konfidans timoun nan oserye. Paran an ak timoun nan gen dwa anvri priye ansanm. Yo ka pale sou pwoblèm ki souleve nan entèvyou a ki enplike lòt manm fanmi an nan pwochen sware familyal la.

## Aktivite famiyal

Paran yo dwe souvan planifye pou fè tout fanmi an fè aktivite ansanm. Piknik, kan, pwojè famiyal, travay nan kay la ak nan lakou a, naje, al pwomne, avèk gade bon fim ak lòt distraksyon se kèk nan plizyè aktivite fanmi yo kapab jwi ansanm.

Yon fanmi ki fè aktivite ansanm ap santi plis lanmou ak amoni. Timoun yo ap vin plis dispoze pou koute paran yo ak suiv konsèy yo lè yo santi yo pwòch yo. Paran yo ap kapab anseye levanjil la pi efikasman.



# Ranpli responsablite familyal

---



Misyon legliz Senyè a se pou ede tout moun vin jwenn Kris. Fanmi yo kapab ede akonpli misyon sa a lè yo:

1. Reponn bezwen fizik ak espiyèl pa yo epi ede satisfè bezwen lòt moun.
2. Pataje levanjil la avèk lòt moun.
3. Asire ke manm fanmi yo resevwa òdonans tanp yo epi ede founi benediksyon sa yo pou zansèt yo ki deja mouri yo.

## **Bezwen espiyèl ak fizik**

### **Bezwen espiyèl**

Seksyon anvan an nan liv sa a:  
"Ansèyman levanjil la nan fwaye a"

gen enfòmasyon sou fason fanmi yo kapab founi bezwen espiyèl yo.

### **Bezwen fizik**

Fanmi yo bezwen vin otonòm pou yo kapab reponn ak bezwen espiyèl pa yo epi ede lòt moun. Pou vin otonòm, manm fanmi yo dwe dispoze pou yo travay. Travay se efò fizik, mantal, oubyen espiyèl. Se yon sous akonplisman, bonè, estim pou tèt, ak pwosperite. Paran yo dwe fè efò pou yo vin otonòm epi yo dwe anseye pitit yo pou yo fè sa tou. Lè yo vin otonòm sa ap pèmèt yo ede moun ki nan bezwen yo.

Papa yo responsab pou founi sa ki nesèsè pou lavi ak pwoteksyon fanmi

yo. Manman yo prensipalman responsab pou yo elve pitit yo. Paran yo asire ke fanmi yo gen yon kay pwòp, bonjan manje, rad, swen medikal ak swen dan, opòtinite pou etidye, ens-triksiyon nan jesyon resous finansye, epi, si posib, fòmasyon sou kijan pou pwodui kèk nan manje yo bezwen. Paran yo dwe anseye pitit yo kijan pou yo prepare manje yo ak kijan pou yo konsève l pou itilize apre.

Paran yo dwe dispoze pou travay di pou reponn ak bezwen fizik sa yo. "Epi nou pap kite pitit nou yo ret grangou, oubyen toutouni" (Mozya 4:14). Paran yo dwe planifye epi prepare pou founi fanmi yo sa ki nesèsè nan moman maladi, kalamite, chomaj, ak lòt difikilte. Si papa a gen pwoblèm pou reponn ak bezwen fizik fanmi li epi si lòt manm fanmi an pa kapab ede, li ka chèche asistans nan men dirijan Prètriz yo.

Timoun yo kapab ede reponn bezwen fizik fanmi yo nan ede paran yo nan travay yo, etidye byen lekòl, pran swen rad yo ak sa yo genyen, kenbe tèt yo ak fwaye yo pwòp epi ann òd, epi rete an bon sante.

Manm fanmi yo dwe amelyore kapasite yo pou li, ekri, ak fè aritmetik debaz epi yo dwe pwofite tout opòtinite pou akeri konesans ak amelyore talan yo. Yo dwe obeyi Pawòl Sajès la epi manje manje ki nitritif. Kote sa posib, fanmi yo dwe mete pwodui an rezèv pou yon ane, oubyen otan sa posib, atik debaz pou mentni lavi yo. Manm fanmi yo dwe evite dèt ki pa

nesèsè, sere lajan pou demen, ranpli tout obligasyon yo, epi itilize resous yo sajman, evite gaspiyaj.

Paran yo dwe anseye pitit yo pou yo pataje avèk lòt moun. Preske tout moun ka bay yon bagay, menmsi yo pa genyen anpil. Yon fason pou ede moun ki nan bezwen se nan jene chak mwa epi bay ofrann jèn, ki pral sèvi pou nourri moun ki grangou, loje moun ki pa gen kay, kouvri moun ki toutouni, ak soulaje moun ki aflije. Nou montre lanmou nou pou Senyè a lè nou ede lòt moun. Li di: "Chak fwa nou te fè sa pou youn nan pi piti pami frè m yo, se pou mwenn nou te fè li" (Matye 25:40).

## Pataje levanjil la



Atravè pwofèt li yo nan dènye jou yo, Senyè a anseye ke chak manm Legliz la gen responsablite pou pataje levanjil la avèk lòt moun. "Se pou chak moun ki te resevwa avètisman avèti pwochen l" (D&A 88:81). Alma, yon pwofèt nan Liv Mòmmon an, eksplike ke lè nou batize nou dwe dispoze "pou sèvi kòm temwen Bondye tout

tan, nan tout bagay, e tout kote nou ta kapab ye” (Mozya 18:9).

Manm fanmi yo dwe fè tout sa yo kapab pou ede paran yo, zanmi yo, ak vwazen yo aprann levanjil Jezikri a ak benediksyon l kapab pote nan lavi yo. Nan pataje levanjil la, paran yo ak timoun yo kapab fòtifye pwòp temwayaj pa yo epi pote benediksyon levanjil la bay lòt moun. Fanmi yo kapab:

- Bay bon egzanp nan obeyi tout kòmandman yo (gade Matye 5:16).
- Montre yo rekonesan paske yo se manm legliz la (gade Women 1:16) epi fè lòt moun konnen yo se manm.
- Mande moun yo si yo pa ta renmen konnen plis sou legliz la.
- Mande Senyè a pou ede yo chwazi yon fanmi oubyen yon moun ki pare pou tande levanjil.
- Chèche yon fason pou entwodui moun nan oubyen fanmi an nan legliz la, tankou envite yo nan yon sware famiyal oubyen nan yon reyinyon oswa aktivite legliz la, ba yo liv oubyen bwochi legliz la, oubyen pale avèk yo konsènan benediksyon levanjil yo.
- Envite moun nan oubyen fanmi an lakay yo pou misyonè yo kapab anseye yo.

Paran yo gen responsablite pou yo prepare tèt yo ak pitit yo pou sèvi misyon apentan. Pou prepare timoun yo, espesyalman pitit gason yo, paran yo dwe anseye levanjil la nan fwaye

yo, fè etid ak priyè pèsònèl ak famiyal, epi pale souvan sou responsablite ak benediksyon ki genyen nan pataje levanjil la. Yo kapab anseye pitit yo pou yo ekonomize lajan pou misyon yo, travay di, vin otonòm, epi renmen ak sèvi lòt moun.

## Òdonans tanp pou vivan yo ak pou mò yo



Nan tanp yo, manm diy legliz yo resevwa òdonans sakre yo epi yo antre nan alyans avèk Bondye. Yo patisipe nan travay òdonans pou zansèt yo ki mouri yo tou. Lè sa posib, papa a ak manman an dwe yo chak pran yon rekòmantasyon tanp nan men dirijan Prètrijan yo epi ale nan yon tanp pou resevwa pwòp òdonans tanp pa yo. Si yo pa gen posiblite pou ale nan yon tanp, yo dwe viv diy pou yo gen yon rekòmantasyon tanp.

Fanmi yo gen responsablite sakre pou asire yo ke yo akonpli òdonans tanp

yo pou zansèt yo ki mouri san yo pa t resevwa yo. Manm legliz la ki resevwa pwòp òdonans pa yo ta dwe retounen nan tanp osi souvan tan yo, mwayen yo, ak disponiblite yo pèmèt yo pou akonpli òdonans pou zansèt yo.

Papa yo ak manman yo dwe rasanble enfòmasyon ekri yo sou evènman enpòtan yo nan lavi yo ak nan lavi pitit yo, enkli sètifika benediksyon, batèm, òdinasyon, maryaj, ak lanmò;

lèt enpòtan; foto; atik nan journal; ak lòt atik konsa. Yo dwe konpile pwòp istwa pèsònèl yo epi yo dwe ankouraje chak manm fanmi yo pou fè yon istwa pèsònèl. Yo dwe ede jèn timoun yo kòmanse pwòp istwa pèsònèl pa yo.

Fanmi yo dwe rasanble enfòmasyon sou zansèt yo epi konpile yo vin fè istwa famiyal yo. Yo dwe kòmanse pa konpile enfòmasyon sou kat dènye jenerasyon.

## Fòmasyon Dirijan

---



Sou direksyon dirijan pye, misyon, oubyen distri, dirijan Prètriz ak dirijan oksilyè yo dwe anseye paran yo pou yo konprann epi ranpli twa responsablite famiyal debaz yo (gade paj 12–15). Dirijan yo dwe anseye papa yo ak manman yo kijan pou dirije fanmi yo. Si yon fanmi ap viv nan yon zòn izole, dirijan pye, misyon, oubyen distri yo dwe asire yo ke paran yo aprann ak ranpli responsablite yo.

# Fè sèvis adorasyon lakay (pou fanmi nan zòn izole yo)

---



Gen kèk fanmi k ap viv nan zòn izole epi yo pa kapab regilyèman asiste reyinyon yon pawas oswa branch. Avèk otorizasyon prezidan pye, misyon, oubyen distri a, fanmi sa yo dwe fè sèvis adorasyon jou Dimanch yo lakay yo. Nan zòn ki pa gen inite legliz la etabli, fanmi yo bezwen otorizasyon Prezidan Zòn nan.

Papa a oubyen yon lòt detantè Prèttriz kapab prepare epi beni Sentsèn nan si l diy, si l se yon prèt nan Prèttriz Arawon an oubyen si l detni Prèttriz Melkisedèk la, epi si l gen pèmisyon dirijan Prèttriz li. Nenpòt detantè Prèttriz ka distribye Sentsèn nan. Enstriksyon pou administre Sentsèn yo nan paj 21 nan liv sa a.

Yon sèvis adorasyon nan jou Dimanch dwe senp, reveran, epi edifyan. Li ka genyen:

1. Kantik ouvèti
  2. Priyè ouvèti
  3. Beni ak distribye Sentsèn
  4. Youn oubyen plis nan bagay sa yo:
    - Youn oubyen de diskou oubyen temwayaj tou kout
    - Lektik ekriti ak diskisyon an fanmi
    - Youn leson pa yon manm fanmi an
  5. Kantik kloti
  6. Priyè kloti
- Nan planifikasyon yon sèvis adorasyon Dimanch, paran yo dwe chèche

Lespri Senyè a epi suiv gidans li. Pèp nan liv Mòmmon an te bay yon egzanzp sou kalite sèvis sa a: “Epi legliz la te dirije reyinyon yo .... dapre direksyon Lespri a, e avèk pouvwa Sentespri a, jan pouvwa Sentespri a te dirije yo pou yo preche, egzòte, priye, sipliye oubyen chante, se konsa yo te fè” (Mowoni 6:9).

Fanmi an dwe itilize ekriti yo kòm gid debaz yo. Epitou, yo ka itilize diskou konferans jeneral yo, *Levanjil fondamantal la*, *Prensip Levanjil yo*, *Ankre nan lafwa*, *Pou fòs jèn yo*, bwochi misyonè, revyè legliv yo, ak lòt piblikasyon ak materyèl odyovizyèl legliz la.

Si pèsonn nan fanmi an pa gen Prètriz apwopriye a, papa a ak manman an ka reyini manm fanmi an pou chante kantik, etidye ekriti yo, priye,

epi youn vin pi pre lòt ak pi pre Papa nou ki nan Syèl la. Dirijan Prètriz yo deziyen pou fanmi an dwe chèche gen opòtinite regilye pou fanmi an resevwa Sentsèn nan.

Paran yo dwe fè aktivite nan semèn, tankou mach, piknik, bonjan fim, vizite paran, espò, pwogram mizikal, ak naje.

Fanmi an dwe remèt dirijan Prètriz deziye a dim, ofrann jèn yo, ak lòt kontribisyon yo.

Fanmi an pa soumèt okenn rapò ekri bay Legliz la, men dirijan Prètriz ki deziyen an fè entèvyou regilyèman avèk papa a, mande l rapò sou fanmi an. Lè sa nesèsè, dirijan yo ka fè entèvyou sa yo pa telefòn.



# Òdonans ak benediksyon Prètriz yo

---



Òdonans Prètriz yo se ak sakre Senyè a bay epi yo akonpli pa otorite Prètriz la. Benediksyon Prètriz yo bay pa otorite Prètriz la pou gerizon, rekonfò, ak ankourajman. Frè k ap akonpli òdonans yo ak benediksyon yo dwe prepare tèt yo nan viv selon prensip levanjil la epi fè efò pou Sentespri a ka gide yo. Yo dwe akonpli chak òdonans ak benediksyon nan yon fason edifyan epi reponn avèk egzijans sa yo; òdonans lan dwe:

1. Akonpli nan non Jezikri.
2. Akonpli pa otorite Prètriz la.
3. Akonpli avèk tout pwosedi nesèsè yo, tankou itilize pawòl espesifik yo oubyen itilizasyon luil konsakre.

4. Otorize pa dirijan Prètriz deziyen ki detni kle apwopriye yo, si sa nesèsè.

*Òdonans ki mande otorizasyon dirijan Prètriz yo se bay non epi beni timoun, akonpli batèm ak konfimasyon, konfere Prètriz la ak òdone yon moun nan yon ofis nan Prètriz la, beni ak distribye Sentsèn, ak dedikase tonm.*

Lè plizyè frè patisipe nan yon òdonans oubyen yon benediksyon, yo chak mete men goch yo lejèman sou zepòl frè ki agòch yo a. Yo pa ankouraje pratik pou envite gwo kantite detantè Prètriz pou asiste a.

Òdonans ak benediksyon yo eksplike nan seksyon sa a ap ede papa yo sèvi kòm patriyach nan fanmi yo.

## Bay non ak beni timoun



“Chak manm nan legliz Kris la ki gen pitit, li dwe mennen yo bay ansyen yo devan legliz la, ki dwe enpoze men sou yo nan non Jezikri, pou beni yo nan non I” (D&A 20:70). An konfòmite avèk revelasyon sa a, sèlman gason diy ki detni Prètriz Mèlkisedèk la kapab patisipe nan bay non ak beni timoun. *Òdonans pou bay non ak beni timoun nan mande otorizasyon otorite k ap prezide a.*

Lè y ap beni yon bebe, gason ki detni Prètriz Mèlkisedèk yo reyini fè yon sèk epi yo kenbe ti bebe a nan men yo. Lè y ap beni yon pi gran timoun, frè yo poze men yo lejèman sou tèt timoun nan. Moun k ap bay benediksyon an:

1. Adrese l ak Papa nou ki nan Syèl la.
2. Di ke benediksyon sa ap fèt pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
3. Bay timoun nan yo non.
4. Bay yon benediksyon Prètriz selon jan Lespri a dirije l.
5. Fini nan non Jezikri.

## Batèm



*Sou direksyon otorite k ap prezide a, yon prèt diy oubyen yon gason ki detni Prètriz Mèlkisedèk la kapab fè yon batèm. Pou fè sa, li:*

1. Kanpe nan dlo a avèk moun ki pral batize a.
2. Pou pi alèz ak plis sekirite, li kenbe ponyèt dwat moun nan avèk men goch li; moun k ap batize a kenbe ponyèt goch moun k ap akonpli batèm nan avèk men goch li.
3. Leve men dwat li okare.
4. Di tout non moun nan epi di:  
“Paske m te resevwa otorize nan men Jezikri, m batize ou nan non Papa a, ak Pitit Gason an, ak Sentespri a. Amèn” (D&A 20:73).
5. Fè moun nan bouche nen l avèk men dwat li pou pi alèz; moun k ap akonpli batèm nan mete men dwat li nan do moun nan epi li plonje moun nan konplètman, avèk tout rad li.
6. Ede moun nan soti nan dlo a.

De prèt oubyen gason ki detni Prètriz Mèlkisedèk temwen chak batèm pou asire yo ke l akonpli kòrèkteman. Yo dwe refè batèm nan si pawòl yo pa soti egzaktteman jan yo ye nan Doktrin ak Alyans 20:73 la oubyen si yon pati nan kò moun nan oubyen rad li pa plonje konplètman. Moun k ap batize a ak moun ka p akonpli òdonans lan dwe mete rad blan ki pap transparan lè yo mouye.

## Konfimasyon



Konvèti ki gen laj nevan oubyen plis yo ak sa ki gen uitan ke paran yo pa manm yo konfime nan yon reyinyon Sentsèn (gade D&A 20:41). Timoun laj uitan yo ka konfime imedyatman apre batèm nan nan kote batèm nan fèt la si omwen youn nan paran yo se manm legliz la epi toulède paran yo bay pèmasyon pou batèm nan ak konfimasyon an. *Sou direksyon evèk la oubyen*

*prezidan branch lan, yonn oubyen plis gason ki detni Prètriz Mèlkisedèk ka akonpli òdonans lan. Yo poze men yo lejèman sou tèt moun nan. Moun k ap akonpli òdonans lan:*

1. Di tout non moun nan.
2. Di ke òdonans lan akonpli pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
3. Konfime moun nan kòm manm Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo.
4. Bay don Sentespri a kote l di: "Resevwa Sentespri a."
5. Bay yon benediksyon Prètriz jan Lespri a dirije li.
6. Fini nan non Jezikri.

## Konfere Prètriz la ak òdone yon moun nan yon ofis nan Prètriz la



*Evèk la oubyen prezidan branch lan sipèvize lè y ap konfere Prètriz Arawon an ak òdone yon moun nan ofis dyak, enstriktè, ak prèt. Anvan yon moun òdone nan yon ofis nan Prètriz Aawon an, evèk la oubyen prezidan branch lan dwe*

fè entèvyou avèk li pou wè si l diy. Epitou, yo dwe soutni l nan yon reyinyon Sentsèn. Avèk otorizasyon evèk la oubyen prezidan branch lan, yon prèt ka konfere yon lòt moun Prètriz Aawon an epi òdone li nan yon ofis nan Prètriz la.

*Prezidan pye a oubyen misyon an sipè-vize lè pou konfere Prètriz Mèlkisedèk la ak òdone yon moun nan ofis ansyen ak gran prèt.*

Pou konfere oubyen òdone yon moun nan yon ofis nan Prètriz la, youn oubyen plis gason ki detni Prètriz nesèsè a epi ki otorize pa otorite k ap prezide a poze men yo lejèman sou tèt moun nan. Moun k ap akonpli òdonans lan:

1. Rele moun nan pa tout non li.
2. Deklare otorite (Prètriz Aawon oubyen Mèlkisedèk) l ap itilize pou akonpli òdonans lan.
3. Konfere Prètriz Aawon oubyen Mèlkisedèk la, sof si l te konfere anvan sa.
4. Òdone moun nan nan yon ofis nan Prètriz Aawon oubyen Mèlkisedèk la epi ba li dwa, pouvwa, ak otorite ofis sa a.
5. Bay yon benediksyon Prètriz jan Lespri a dirije l.
6. Fini nan non Jezikri.

## Sentsèn

Sentsèn nan se yon òdonans ki sakre anpil. Pran sentsèn nan bay opòtinite

pou sonje lavi, ansèyman, ak Ekspyasyon Jezikri. Se moman pou renouvle alyans ki te fèt yo avèk Senyè a nan moman batèm nan (gade Mozya 18:8–10).



Enstriktè yo ak prèt yo ka prepare Sentsèn nan; prèt yo ka beni l; epi dyak yo, enstriktè yo, ak prèt yo ka distribye l. Frè ki gen Prètriz Mèlkisedèk yo ka prepare, beni, ak distribye Sentsèn nan, men nòmalmman y ap fè sa sèlman lè pa gen ase frè nan Prètriz Arawon an ki disponib. Si yon moun te komèt yon peche grav, li pa dwe prepare, ni beni, ni distribye Sentsèn nan jistan li repanti epi rezoud pwoblèm nan avèk evèk li oubyen prezidan branch li.

Moun k ap prepare, beni, oubyen distribye Sentsèn nan ap administre òdonans sa a pou lòt moun nan plas Senyè a. Chak moun ki detni Prètriz la dwe apwoche responsablite sa a avèk yon atitid serye, reveran. Li dwe byen raze, pwòp, epi abiye avèk modèsti. Aparans pèsònèl li dwe reflekte aspè sakre òdonans lan.

Frè k ap prepare Sentsèn yo dwe fè sa anvan reyinyon an kòmanse. Yo mete

pen an antye nan plato pen pwòp epi yo mete plato kèp Sentsèn ki gen dlo fre sou tab Sentsèn nan. Yo kouvri pen an ak dlo a avèk nap blan, byen pwòp.

Pandan kantik Sentsèn nan, moun ki devan tab Sentsèn nan retire nap la sou plato pen yo epi yo kase pen an fè ti moso. Apre kantik la, moun k ap beni pen an ajenou epi li fè priyè Sentsèn pou pen an. Apresa frè yo distribye Sentsèn nan bay moun ki prezan yo nan yon fason reveran epi nan lòd. Otorite k ap prezide reyinyon an resewa Sentsèn nan an premye. Lè chak moun ki prezan yo fin gen opòtinite pou pran pen an, moun k ap distribye l yo retounen plato yo sou tab Sentsèn nan. Moun k ap beni Sentsèn nan kouvri plato yo ankò osito pen an fin distribye.

Moun ki sou tab Sentsèn nan retire nap la sou plato dlo yo. Moun k ap beni dlo a mete ajenou epi li fè priyè Sentsèn nan pou dlo a. Apresa frè yo distribye dlo a bay moun ki prezan yo. Yo retounen plato yo sou tab Sentsèn nan epi yo kouvri yo ankò. Apresa frè k te beni ak distribye Sentsèn yo pran plas yo nan asanble a.

Sentsèn nan se pou manm legliz yo, enkli timoun yo. Moun k ap dirije reyinyon an pa dwe anonse ke l pral distribye pou manm yo sèlman; nou pa dwe fè anyen pou anpeche yon moun ki pa manm pran li.

Yo dwe li priyè Sentsèn yo klèman, avèk presizyon, epi ak diyite. Si

moun k ap beni Sentsèn nan fè yon erè nan mo yo epi li pa korije l li menm, evèk la oubyen prezidan branch lan mande l pou l repete priyè a epi fè l kòrekteman.

Men priyè pou pen an:

“O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye pen sa a pou nanm tout moun kip ran ladan l, pou yo kapab manje nan memwa kò Pitit Gason w lan, epi pou yo rann temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo vle pote non Pitit Gason w lan sou yo, pou yo toujou sonje l, epi pou yo respekte kòmandman l yo ke li te ba yo, pou yo kapab toujou gen Lespri l avèk yo. Amèn.” (D&A 20:77 ak Mowoni 4).

Men priyè pou dlo a:

“ O Bondye, Papa Etènèl la, nou mande w, nan non Pitit Gason w lan, Jezikri, pou ou beni ak sanktifye [dlo] sa a pou nanm tout moun ki bwè ladan l, pou yo kapab fè sa nan memwa san Pitit Gason w lan, ki te koule pou yo; pou yo kapab rann ou temwayaj, O Bondye, Papa Etènèl la, ke yo toujou sonje l, pou yo kapab gen Lespri l avèk yo. Amèn.” (D&A 20:79 ak Mowoni 5).

Sentsèn nan dwe soti sou tab la osito sa posib apre reyinyon an. Tout pen ki rete ka sèvi pou manje.

*Benediskyon ak distribisyon Sentsèn nan mande otorizasyon nan men otorite k ap prezide a.*

## Konsekrasyon luil

Yon gason (oubyen plis) ki gen Prètriz Mèlkisedèk la konsakre luil doliv pi pou bi sakre li ki se onksyon moun ki malad ak aflije. Moun k ap konsakre luil la:

1. Kenbe yon resipyan luil doliv ouvè.
2. Adrese l ak Papa nou ki nan Syèl la.
3. Deklare ke l ap aji pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
4. Konsakre luil la (pa resipyan an) epi mete l apa pou onksyon moun ki malad ak aflije.
5. Fini nan non Jezikri.



## Administre moun ki malad

Sèlman moun ki gen Prètriz Mèlkisedèk ka administre moun ki malad oubyen aflije. Nòmalmann, de oubyen plis administre ansanm, men yon sèl moun ka fè l. Si luil konsakre pa disponib, yon gason ki gen Prètriz Mèlkisedèk ka bay yon benediksyon pa otorite Prètriz la.

Yon papa ki gen Prètriz Mèlkisedèk dwe administre manm fanmi l ki

malad. Li gen dwa mande yon lòt gason ki gen Prètriz Mèlkisedèk pou ede li.

Administrasyon moun ki malad yo gen de pati: (1) onksyon avèk luil ak (2) sèlman onksyon an.

### Onksyon avèk luil

Yon gason ki gen Prètriz Mèlkisedèk wenn moun ki malad la. Pou fè sa, li:

1. Mete yon gout luil konsakre sou tèt moun nan.
2. Poze men li lejèman sou tèt moun nan epi rele moun nan pa tout non li.
3. Deklare ke l ap wenn moun nan pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
4. Deklare ke l ap fè onksyon an avèk luil ki te konsakre pou onksyon ak benediksyon moun ki malad ak aflije.
5. Fini nan non Jezikri.

### Sèlman onksyon an

Nòmalmann, de oubyen plis gason ki gen Prètriz Mèlkisedèk poze men yo lejèman sou tèt moun ki malad la. Youn nan gason yo sele onksyon an. Pou fè sa, li:

1. Rele moun nan pa tout non li.
2. Deklare ke l ap sele onksyon an pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
3. Bay yon benediksyon jan Lespri a dirije l.
4. Fini nan non Jezikri.

## Benediksyon Patènèl ak lòt benediksyon pou rekonfò ak konsèy



Yo bay benediksyon patènèl ak lòt benediksyon Prètriz la pou bay direksyon ak rekonfò jan Lespri a dirije.

Yon papa ki gen Prètriz Mèlkisedèk ka bay pitit li benediksyon patènèl. Kalite benediksyon sa yo ka espesyalman itil lè timoun yo ap kite kay la, tankou pou ale lekòl oubyen ale nan misyon, oubyen lè y ap kòmanse travay, lè yo pral marye, antre nan sèvis militè, oubyen fè fas avèk pwoblèm pèsònèl ki pa abityèl. Benediksyon sa yo kapab tounen yon gwo fòs pou fanmi an. Yon fanmi ka ekri yon benediksyon patènèl nan rejis famiyal yo, men li pa konsève nan rejis legliz yo. Paran yo dwe ankouraje timoun yo pou yo mande benediksyon patènèl nan moman yo gen bezwen.

Gason diy ki gen Prètriz Mèlkisedèk la ka bay madanm yo, lòt manm fanmi yo, ak lòt moun ki mande yo benediksyon pou rekonfò ak konsèy tou.

Pou bay yon benediksyon patènèl oubyen lòt benediksyon pou rekonfò ak konsèy, yon gason ki gen Prètriz Mèlkisedèk, swa poukont li oubyen avèk youn oubyen plis gason diy ki gen Prètriz Mèlkisedèk, poze men li lejèman sou tèt moun nan k ap resevwa benediksyon an. Nou pa bezwen luil pou benediksyon sa yo. Moun k ap bay benediksyon an:

1. Rele moun nan pa tout non li.
2. Deklare ke l ap bay yon benediksyon pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
3. Bay yon benediksyon jan Lespri a dirije l.
4. Fini nan non Jezikri.

## Dedikas tonm

Yon moun k ap dedikase yon tonm dwe gen Prètriz Mèlkisedèk epi li *dwe otorize pa ofisye Prètriz la k ap dirije sèvis la.*

Pou dedikase yon tonm, li:

1. Adrese l ak Papa nou ki nan Syèl la.
2. Deklare ke l ap dedikase tonm nan pa otorite Prètriz Mèlkisedèk la.
3. Dedikase epi konsakre espas kote moun nan antere a kòm yon plas repo pou kò a.
4. Lè sa apwopriye, li ka priye pou ke plas la ka rete sakre epi pwoteje jiska Rezireksyon an.
5. Mande Senyè a pou rekonfòte fanmi an epi eksprime lòt panse jan Lespri a dirije l.
6. Fini nan non Jezikri.

Si fanmi an prefere, yon moun (li preferab pou se yon gason ki gen Prètriz Mèlkisedèk) ka ofri yon priyè bò tonm nan olye de yon priyè dedikas.



# Chèche jwenn materyèl Legliz yo ak chèche enfòmasyon sou Istwa Familyal

---

Dirijan lokal yo ak lòt manm yo ka jwenn materyèl legliz la, enkli ekriti yo, pwogram etid yo, revè Legliz la, gaman, ak rad tanp, nan sant distribisyon Legliz yo oubyen nan sant sèvis Legliz yo, nan sant distribisyon Salt Lake la, oubyen atravè sit Entènèt ofisyèl legliz la, ki se [www.lds.org](http://www.lds.org).

Enfòmasyon sou travay istwa familyal yo disponib sou sit Entènèt istwa familyal Legliz la, ki se [www.familysearch.org](http://www.familysearch.org).

LEGLIZ  
JEZIKRI  
POU SEN  
DÈNYE JOU YO

